




Ñakk u COVID - Dem ñakku

Février 2021

Nan lañuy amalee ñakku gi?



Fan laay mëna dem ngir ñakku?

Mën nga jot ci ñakk gi bi ci ab santaru ñakku wala ci ab kuréel bu lay fekk si.


Bindul ci santaru ñakku bila gëna jege:



- Ci telefon: **0800009 110** (woote yi amul fay)
- Ci internet bi: www.sante.fr
- Mën nga am ay leeral ci sa doktoor, farmasiyin bi wala si meeri bi.

Leerali yu am solo


Ñakk yii yi kenn du ci fay dara.




Deñcal wayndare bi am turu ñakk bi (ngir woorliku né jot nga 2 pikiir ci benn ñakk bi).

Yobaalel sa kartu kaaràngé sosiyaal (Kart witaal). Soo ko amul, mën nañu la ñakk ba tey.


Laata ngay ñakku



Ci barabu ñakku bi, ki fay liggéey dina firdéel ni ñakk bi baax na ci yaw.




Di nañu tontu ci say laaj te laaj la ndax nangu nga ñu ñakk la: am nga sañ-sañ u nangu wala bañ.



Ñakk bi

Ngir àaru bu baax, da nga wara jël 2 pikiir ay ayu-bis yu wuute.

Suñ la ñakkee ba noppi



Efé secondeer yi nga mëna jëlee ci ñakk bi bari wuñu. Waaye, ci diirup 1 mbaa 2 fan, di nga yëg mettit ci sa loxo, am bopp buy metti wala yaram wu tàng.



So amee yeneeni laaj,

laajal ñiy liggéey ci wàllu wergu-yaram, asistant sosiyal yi, meeri yi wala nga dem ci: vaccination-info-service.fr



Ngir jot ci ñakk bi, wootel ci:

0 800 009 110

(woote yi amul fay)

Wala demal ci: www.sante.fr

